

Mr President

African China

Food e no dey
Brother eh water no dey
And our country no good o
 Everyday for thief
 One day for owner e
 Poor man wey thief maggi
 Omo, dem go show im face
for crime fighter Rich man wey thief money
 Omo, we no dey see their face
 for crime fighter
 Tell me something now rudeboy
Rich man go dey halla prayer Poor man go dey shout Rich man go dey halla prayer Poor man go dey shout
 Make una lead us well
 No let this nation to fall inside well
Mr. President If you be governor If you be senator If you be police Oya lead us well If you be senator If you be
 police Fuel e no dey
 Brother eh transportation no dey
 And our road e no good o
 What about the NEPA people o
 we no get light
 Everybody just dey halla
fuel no dey, na how we wan survive
 Many youth ready for work
 but as work no dey
 na how dey wan survive
 We be giant of Africa
 but to get visa enter Ghana
na WAEC Policeman go see white
 e go tell you say
 I say that thing na red
 Tell me something my people
 Make una lead us well,
no let this nation to fall inside well
REPEAT Alhaji wey pull Khaki
 say the name of him party
 People Destroying People
 Na the name of the party
 election for my country
 na paddy paddy

wayo wayo
arrange no ni
People wey vote them in
still dey live in pain
This na disgrace
I am so ashamed
We don collect shop permit
Collect trading permit
trading permit
You still dey burn shop
You wan tell me say
you no know when them pay
Why you dey make us
dey live in pain
Make una lead us well
no let this nation to fall inside well
REPEAT Omo nothing dey par
Anything wey par na witch
Na im make we dey say
Omo no lele
Tanke (echo)
REPEAT 1
REPEAT REPEAT 2
Baba God help this country
REPEAT (till fade)

Song Discussions is protected by U.S. Patent 9401941. Other patents pending.

Lyrics provided by
<https://damnlyrics.com/>